# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–02 अक्टुबर 2023** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले कि एक संत क आपन जिनगीं नाहीं होला। ऊ देश आ धर्म बदे समर्पित रहेला। देश अउर समाज क जरूरतिये ही एगो संत क प्राथमिकता होले। मुख्यमंत्री आजु गोरखपुर क गोरखनाथ मंदिर में आयोजित महंत दिग्विजयनाथ अउर महंत अवेद्यनाथ के पुण्यतिथि समारोह में आयोजित महंत दिग्विजयनाथ क श्रद्धांजलि सभा के संबोधित करत रहले। उहां के कहली कि महंत दिग्विजयनाथ क संबंध राजस्थान क मेवाड़ के ओह राणा कुल से रहल, जे देश क स्वाभिमान बदे लड़त आपन जिनगी मातृभूमि के समर्पित कइ दिहलें। उहां के एइजा कई गो धार्मिक अउर राजनीतिक आन्दोलन से जुड़ि के समाज क उत्थान बदे कार कइलीं।

मुख्यमंत्री कहजं कि आजु हम्मन के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क अगुवाई में एगो नया भारत के देख रहल हई। एके बनावल रखे क दायित्व खाली अगुये क नइखे बलुक हमनियो क ह। श्री योगी देश क नेतृत्व के साथे कदम से कदम मिला के चले क लोगिन से अपील कइले अउर इहो कहले कि इकरे खातिर हम्मन के शिक्षा पर खास धियान देवे के होइ। राष्टीय शिक्षा नीति के इकरे खातिर एगो संकल्प पत्र बतवत मुख्यमंत्री कहलें कि इकरे आधार पर हम्मन के देश के साथे–साथ आपन जिनगी क सपनवो के साकार कइ सके लीं।

**********

राष्ट्रपिता महात्मा गांधी क जयंती आजु प्रदेश भर में उछाह के साथे मनावल जा रहलि हौ। कई जगहिन पर लोगि ओनके मूर्ति अउर फोटो पर माला चढ़ा के ओन्हें आपन भावभीनी श्रद्धाजंलि अर्पित कइ रहल हवैं। कई जगहिन पर बापू क प्रिय भजन के गायन क कार्यक्रम आयोजित कइल गइल हौं। प्रदेश क गांधी आश्रमों में आजु कई गो कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल हौं। स्कूलों में गांधी जयंती के मौका पर विभिन्न आयोजन के जरिये महात्मा गांधी क व्यक्तित्व अउर कृतित्व के याद कइल गइल। अजुये पूर्व प्रधानमंत्री लालबहादुर शास्त्रियो क जयंती मनावल जा रहलि हौ। कई गो जगहिन पर लोग ओन्हें श्रद्धांजलि अर्पित कइ रहल हवैं।

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर में महात्मा गांधी अउर लाल बहादुर शास्त्री के जयंती पर अलगि–अलगि जगहिन पर स्थापित उनके मुर्तिन पर माला चढ़ा के उनके कब्बो न भुलाये वाले जोगदान के याद कइलें अउर कृतज्ञता जतवलें। बापू क सत्य अउर अहिंसा के सनेसा के याद करत मुख्यमंत्री कहलें कि अहिंसा लोकतंत्र क सबसे बड़हन ताकत हौ। राष्ट्रपिता के अगुवाई में पूरा दुनिया एके देखि चुकल हौ। बापू पूरा दुनिया के सत्य अउर अहिंसा क राहि देखा के इ सनेसा दिहलें कि लोकतांत्रिक मूल्यन क पालन करत दुनिया क बड़हन से बड़हन ताकत के झुकावल जा सके ला।

मुख्यमंत्री कहले कि प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के आह्वान पर प्रदेश क सज्जो ग्राम पंचायत अउर निकायन में स्वच्छांजलि क कार्यक्रम चलि रहल हौ। स्वदेशी, स्वावलंबन, सत्य अउर अहिंसा क जवन राहि राष्ट्रपिता महात्मा गांधी देखवले रहलें, ओकरे सथही स्वच्छता क अभियानो बहुत महत्वपूर्ण हौ। गांधी जयंती पर मुख्यमंत्री गोरखपुर में गोलघर क गांधी आश्रमों गइलें अउर ओइजा चरखा चलवलें।

देवरिया में महात्मा गांधी अउर लाल बहादुर शास्त्री क जयंती पर कृषि मंत्री सूर्यप्रताप शाही नगरपालिका हाता में भाजपा पदाधिकारी अउर जनप्रतिनिधि लोगिन क मौजूदगी में तिरंगा फहरवलें। येह बिच्चे कृषि मंत्री सज्जो लोगिन के स्वच्छता क शपथ दियवलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु सबेरे गोरखनाथ मंदिर में जनता दर्शन में करीब दुई सौ लोगिन क समेस्या सुनलें अउर ओन्हें समेस्या क गुणवत्तापूर्ण अउर पारदर्शी समाधान क भरोसा दिहलें। उहां के लोगिन के विश्वास दियवलीं कि केहू के साथे कवनो तरह क अन्याय नाहीं होखे दिहल जाइ। समेस्या सुनत के मुख्यमंत्री अधिकारी लोगिन के धिरवनिया दिहलें की समेस्या के निपटारन में कवनहू लपरवाही बर्दाश्त नाहीं कइल जाइ। योगी कहले कि सज्जो अधिकारी लोगिन क समेस्या के संवेदनशील हो के सुनें अउर जुरते समाधान सुनिश्चित करें। जनता दर्शन में इलाज में आर्थिक मददि क ओम्मेद ले के आइल लोगिन के मुख्यमंत्री भरोसा दिहले की कवनहू जरूरतमंद क इलाज में धन क कमी आड़े नाहीं आवे दिहल जाई।

**********

देवरिया जिला के रूद्रपुर थाना क्षेत्र क फतेहपुर गांव में आजु सबेरे जमीन झगड़ा में छौ जने क कतल हो गइल आ एगो मनई घाही हो गइल। मरे वालन में पांचि जने एक्के परिवार से हवै। पुलिस सूत्रन के हिसाबि से जवन दुई परिवारन के झगड़ा में इ घटना भइल हौ उनके बिच्चे बहुत दिन से जमीन के ले के विवाद चलत रहल। घटना क सुचना मिलते पुलिस जब मौका पर पहुंचल तबले हमलावर भाग गइल रहलें। गांव में तनाव के देखि के पुलिस बल के साथे पीएसियो तइनात कै दिहल गइल हौ।

**********

गोरखपुर के साथे पूर्वी उत्तर प्रदेश क कई जिलन में आजु अन्हमुन्हरवे से घना बादर छउले हौं अउर कुछु जगहिन पर गरज–चमक के साथे हलुकाहो बरखो भइलि हौ। बरखा के नाते लोगिन के उमस भरलि गर्मी से राहत मिलल हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से अगिला दुई से तीनि दिन ले बादर के छावल रहले अउर कुछु जगहिन पर छिटपुट बरखो का आगम हौ।

**********